



# Dr. Joaquín García High School

1906 Lyons Road Lake Worth, Florida 33167

Principal  
Oscar Otero

## KONTRA LEKÒL-PARAN

Pwofesè, anplwaye, fanmi yo ak etidyan Lekòl Segondè Doktè Joaquín García dakò ke kontra sa a esplike kijan nou pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv nou yo. Kontra a dekri fason lekòl la ak fanmi yo pral konstwi e devlope yon patenarya pou ede timoun yo reyalize nan yon anviwonman aprantisaj ki bay sipò efikas ki pèmèt elèv yo satisfè nòm estanda siksè akademik Eta a.

### Lekòl Segondè Doktè Joaquín García dakò pou travay avèk elèv yo ak paran/fanmi yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- bay yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite, ki bay sipò ak efikasite pou ogmante siksè elèv yo.
- bay yon kourikoulòm de kalite siperyè ak ansèyman ki pèmèt timoun yo satisfè estanda siksè akademik Eta a.
- kenbe yon kominikasyon pozitif, nan de sans ak paran/fanmi yo sou yon baz kontinyèl, epi kenbe kominikasyon ki gen sans ant lekòl-lakay nan yon lang yo konprann.
- bay paran/fanmi yo rapò souvan sou pwogrè pitit yo (minimòm 3) epi travay ansanm avèk yo pou amelyore siksè elèv yo pou satisfè nòm nivo klas Eta a.
- bay fanmi yo estrateji ak resous espesifik pou sipòte aprantisaj pitit yo lakay.
- bay opòtinite kontinyèl pou paran/fanmi yo pataje epi vin patnè nan pwosesis pou pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo pou ogmante siksè akademik yo.

### Paran/fanmi yo dakò pou yo travay avèk pitit yo ak anplwaye lekòl yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- pran yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo lè yo patisipe nan aktivite fòmasyon paran/fanmi pou aprann estrateji pou ede ogmante siksè akademik pitit yo pou satisfè nòm nivo klas Eta a.
- patisipe nan pwosesis pou pran desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo pou ogmante siksè akademik yo.
- kenbe yon kominikasyon pozitif, nan 2 sans, ak pwofesè pitit yo sou yon baz kontinyèl.
- sipòte aprantisaj pitit yo nan kay la nan pratike ladrès, ede ak devwa, revize ak siyen ajanda chak jou.
- asire ke elèv yo ale lekòl chak jou alè epi yo pare pou aprann
- kontwòle SIS pou prezans ak nòt elèv yo.
- siveyans aparèy elektwonik ak kont medya sosyal.
- sipèvizite itilizasyon pozitif elèv la nan tan ki pa nan kourikoulòm lan.

### Elèv yo dakò pou yo travay avèk paran/fanmi ak pwofesè yo pou amelyore siksè akademik yo lè yo:

- pale ak paran/manm fanmi yo sou aprantisaj yo nan lekòl la.
- pratike sa yap anseye nan lekòl la lakay ou epi fè devwa yo.
- pote lakay tout kominikasyon ki soti nan lekòl la pou pataje ak paran/manm fanmi (flyers, bilten, avi, lèt, elatriye).
- ale lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi suiv tout règ ak pwosedi lekòl yo.
- pou rapòte sityasyon danjere oswa pwoblèm bay lekòl la ak/oswa fanmi yo.
- pou mande èd lè sa nesèsè epi sèvi ak resous leson patikilye yo.

**Tanpri revize e siyen epi retounen pati anba a nan fòm sa a ak pitit ou a bay pwofesè premye peryòd yo.**

----- Koupe isit la epi retounen bay pwofesè pitit ou a -----

\_\_\_\_\_  
Direktè

\_\_\_\_\_  
Fanmi / Gadyan

\_\_\_\_\_  
Pwofesè

\_\_\_\_\_  
Elèv